



Benefis Sivivan

Ki sa ki andedan

Enpòtans asirans Sekirite Sosyal pou sivivan	1
Si w ap travay...ki sa w bezwen konnen konsènan benefis sivivan	1
Lè yon manm fanmi mouri...sa ou bezwen konnen konsènan benefis sivivan	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	5

Enpòtans asirans Sekirite Sosyal pou sivivan

Lè yon moun pèdi moun ki t ap travay nan yon fanmi sa kapab katastwofik ni emosyonèlman ni finansyèman. Sekirite Sosyal bay èd lè l founi revni pou fanmi travayè ki mouri yo.

Bwochi sa a ba w yon vi jeneral sou benefis sivivan Sekirite Sosyal te peye konjwen ak piti travayè ki mouri yo. Bwochi sa a pa fèt pou reponn tout kesyon ou ka genyen. Pou plis enfòmasyon konsènan benefis sivivan Sekirite Sosyal, vizit sitwèb nou an, oswa rele nimewo gratis nou yo.

Si w ap travay...ki sa w bezwen konnen konsènan benefis sivivan

“Asirans vi” nan Sekirite Sosyal

Anpil moun panse Sekirite Sosyal se sèlman yon pwogram retrèt. Men yon pati nan taks Sekirite Sosyal ou peye ale nan benefis sivivan pou travayè yo ak fanmi yo. Anfèt, valè benefis sivivan ou genyen nan Sekirite Sosyal pwobableman plis pase valè asirans vi endividyèl ou.

Lè w mouri, kèk manm nan fanmi w ka elijib pou benefis sivivan. Moun sa yo enkli vèv, vè (ak vèv ak vèv ki divòse), timoun ak paran ki depandan yo.

Ki jan pou m vin genyen benefis sivivan?

Toutpandan w ap travay epi w ap peye taks nan Sekirite Sosyal, ou vin gen kredi pou ka jwenn benefis Sekirite Sosyal pi devan. Kantite ane ou bezwen travay pou fanmi w ka elijib pou benefis sivivan depann de laj ou lè w mouri. Plis ou jèn, se mwens ane ou te bezwen travay. Men pèsòn pa bezwen plis pase 10 an travay pou elijib pou nenpòt benefis Sekirite Sosyal.

Daprè yon règ ki espesyal, si w te travay pou sèlman yon ane edmi nan twazan ki te ekoule jis anvan w mouri, nou ka peye benefis pou pitit ou yo ak konjwen w k ap pran swen timoun yo.

Kiyès ki ka resevwa benefis sivivan daprè travay ou?

- **Vèv oswa vèv ou** ka jwenn benefis konplè nan laj pou yo pran retrèt konplè. Laj pou pran retrèt konplè pou sivivan yo se 66 pou moun ki te fèt ant ane 1945 ak 1956. Epi laj pou pran retrèt konplè a pral

ogmante tikras pa tikras pou l rive nan laj 67 an pou moun ki te fèt nan ane 1962 oswa pita. Vèw oswa vèw ou a ka resevwa benefis redui depi sou laj 60 an. Si konjwen w ki sivivan an andikape, benefis yo ka kòmanse depi sou laj 50 an. Pou plis enfòmasyon sou vèw, vèw ak lòt sivivan, vizite www.socialsecurity.gov/survivorplan.

- **Vèw oswa vèw ou** ka jwenn benefis nan nenpòt laj si y ap pran swen pitit ou ki pokoo gen 16 an oswa ki andikape, k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.
- **Pitit ou ki poko marye**, ki poko gen 18 an (oswa jiska 19 an si yo nan lek'ol elemantè oswa segondè ap lantan), ka resevwa benefis yo tou. Pitit ou yo ka jwenn benefis nan nenpòt laj si yo te andikape anvan yo gen 22 an epi yo toujou andikape. Nan kèk sikonstans, nou ka peye benefis tou pou **pitit konjwen w, pitit pitit ou, pitit pitit konjwen w, oswa pitit ou adopte**.

NOTE: *Timoun ki andikape, epi paran yo gen revni ak resous ki limite ka elijib pou benefis revni sekirite siplemantè. Pou plis enfòmasyon li piblikasyon, Benefis pou timoun ki gen andikap (Piblikasyon No. 05-10026-HC).*

- Paran w ki depandan ka jwenn benefis si yo gen 62 an oswa plis. (Pou paran w yo ka kalifye kòm depandan, fòk ou ta responsab pou omwen mwaye nan sa yo bezwen pou sipò yo.)

Benefis pou konjwen divòse ki sivivan

Si w te divòse, ansyen madanm oswa ansyen mari w ki gen 60 an oswa plis (50-59 si yo andikape) ka resevwa benefis, si maryaj ou te dire omwen 10 an. Ansyen konjwen w lan, sepandan pa oblije satisfè kondisyon sou laj oswa longè maryaj la si l ap pran swen pitit ou, ki poko gen 16 an oswa ki andikape, epi ki gen dwa pou resevwa benefis sou dosye w. Timoun nan ta dwe pitit ou ak pitit natirèl ansyen konjwen w lan oswa pitit li te legalman adopte.

Benefis ou touche kòm yon konjwen divòse ki sivivan pap afekte tarif benefis pou lòt sivivan k ap resevwa benefis sou dosye travayè a. Si w se manman oswa papa sivivan ki divòse avèk pitit travayè a ki poko gen 16 an oswa ki andikape w ap okipe, benefis ou a ka afekte benefis lòt moun ki sou dosye a.

Pèman yon sèl fwa pou lanmò

Nou fè yon pèman yon sèl fwa ki se \$255 lè w mouri si w te travay ase lontan. Nou ka peye benefis sa a sèlman bay konjwen w oswa pitit ou si yo satisfè kèk kondisyon. Sivivan yo dwe aplike pou pèman sa a nan yon espas dezan apati dat lanmò a.

Ki valè benefis yo ye?

Valè benefis fanmi w ka resevwa nan men Sekirite Sosyal depann de mwayèn salè ou te touche pandan tout lavi w. Plis ou te touche se plis benefis yo pral resevwa a pral ye.

Tyeke *Deklarasyon Sekirite Sosyal* ou a pou wè yon estimasyon benefis sivivan nou ta ka peye. Li montre tou yon estimasyon sou benefis retrèt ak benefis envalidite w, epi li bay lòt enfòmasyon enpòtan tou. Kreye yon kont *my Social Security* sou entènèt pou egzamine *Deklarasyon w lan*.

Kont *my Social Security* sou entènèt la

Ou ka fasilman mete sou pye yon kont *my Social Security* sou entènèt ki sekirize. Sa pèmèt ou gen aksè nan *Deklarasyon Sekirite Sosyal* ou a pou tyeke salè w epi jwenn estimasyon pou benefis ou yo. Ou ka itilize kont *my Social Security* sou entènèt ou a pou fè demann pou yo ranplase kat nimewo Sekirite Sosyal ou a (sa disponib nan kèk eta ak District of Columbia). Si w ap resevwa benefis, ou kapab tou:

- Jwenn lèt verifikasyon benefis ou yo;
- Chanje adrès ou ak nimewo telefòn ou;
- Fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou a;

- Fè demann pou yo ranplase SSA-1099 oswa SSA-1042S pou sezon taks; oswa
- Kòmanse oswa chanje depo dirèk ou.

Ou ka kreye yon kont *my* Social Security si w gen 18 an oswa plis, ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal, yon adrès postal ki valab Ozetazini ak yon adrès imèl. Pou kreye yon kont, ale nan www.socialsecurity.gov/myaccount. Ou pral bezwen bay kèk enfòmasyon pèsònèl pou konfime idantite w; yo pral mande w pou chwazi yon non itilizatè ak yon modèpas; ansuit yo pral mande w pou bay adrès imèl ou. Ou pral bezwen chwazi fason ou ta renmen resevwa yon kòd pou sekirite y ap voye ba w yon fwa — nan yon telefòn selilè ki ka resevwa tèks oswa nan adrès imèl ou te anrejistre a — ou pral bezwen mete lè w kreye kont ou an. Chak fwa ou ouvri yon sesyon avèk non itilizatè ak modèpas ou a, nou pral voye yon kòd pou sekirite pou yon fwa nan telefòn selilè w oswa adrès imèl ou. Kòd sekirite a fè pati karakteristik sekirite nou amelyore defason pou n pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou. Se pou sonje konpayi telefòn selilè w la ka chaje w frè pou done selon plan w genyen an.

Lè yon manm fanmi mouri...sa ou bezwen konnen konsènan benefis sivivan

Ki jan pou m aplike pou benefis?

Si w pap resevwa benefis Sekirite Sosyal kounye a

Aplike pou benefis sivivan toutsuit paske, pou kèk reklamasyon, nou pral peye benefis yo apati lè ou aplike a men pa apati lè moun ki t ap travay la te mouri.

Ou ka aplike pa telefòn oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Nou pral bezwen kèk enfòmasyon, men pa pran tan pou aplike si w pa gen tout enfòmasyon w bezwen. Nou pral ede w jwenn enfòmasyon ou bezwen yo. Nou bezwen swa dokiman orijinal swa kopi ajans ki pwodui yo a sètifye.

Enfòmasyon nou bezwen an enkli:

- Prèv lanmò — ki sot swa nan yon ponp finèb swa yon sètifika lanmò;
- Nimewo Sekirite Sosyal ou, ak nimewo Sekirite Sosyal travayè ki te mouri a;
- Batistè w;
- Sètifika maryaj ou, si w se yon vèv oswa yon vèf;
- Papyè divòs ou, si w ap aplike kòm yon vèv oswa yon vèf ki divòse;
- Nimewo Sekirite Sosyal timoun ki depandan, si yo disponib, ansanm ak batistè yo;
- Fòm W-2 oswa fòm taks federal pou travay endepandan pou ane ki pi resan pou travayè ki te mouri a; epi
- Non ak nimewo kont labank ou konsa nou ka depoze benefis ou yo dirèkteman nan kont ou.

Si w deja ap resevwa benefis Sekirite Sosyal

Si w ap resevwa benefis kòm yon madanm oswa yon mari ki baze sou travay konjwen w, nou pral chanje pèman w yo pou benefis sivivan lè w rapòte lanmò a ban nou. Si nou bezwen plis enfòmasyon, nou pral kontakte w.

Si w ap resevwa benefis ki baze sou pwòp travay pa w, rele nou oswa vizite nou. Nou pral tyeke pou wè si w ka jwenn plis kòb antanke yon vèv oswa yon vèf. Si wi, ou pral jwenn yon konbinezon benefis ki egal ak montan ki pi wo a. Ou dwe ranpli yon aplikasyon pou chanje pou benefis sivivan an. Nou bezwen wè tou sètifika lanmò konjwen w lan.

Konbyen kòb mwen pral resevwa?

Nou baze montan benefis la sou salè moun ki te mouri a. Plis yon travayè te peye nan Sekirite Sosyal, se plis benefis ou yo pral ye.

Sekirite Sosyal itilize montan benefis debaz travayè ki te mouri a pou l kalkile pousantaj sivivan yo ka resevwa. Pousantaj la depann de laj sivivan an ak relasyon l avèk travayè a. Si travayè ki te mouri a t ap resevwa benefis ki

redui, nou pral baze benefis sivivan w lan dapre montan sa a, Nan pifò reklamasyon tipik pou benefis:

- Yon vèw oswa yon vèf, nan laj pou l pran retrèt konplè oswa pi gran pase sa, jeneralman resevwa 100 pousan nan montan benefis debaz travayè a;
- Yon vèw oswa vèf, ki gen 60 an oswa plis, men ki poko rive nan laj pou pran retrèt konplè, resevwa apeprè 71 a 99 pousan nan montan benefis debaz travayè a; oswa
- Yon vèw oswa vèf, ki gen nenpòt laj, ki gen yon timoun ki poko gen 16 an, resevwa 75 pousan nan montan benefis travayè a;
- Yon timoun resevwa 75 pousan nan montan benefis travayè a.

Benefis maksimòm fanmi an

Genyen yon limit nan benefis nou ka peye w ak lòt manm fanmi yo chak mwa. Limit la varye ant 150 ak 180 pousan nan montan benefis travayè ki te mouri a.

Pansyon nan travay ki pa t peye taks nan Sekirite Sosyal

Si w resevwa yon pansyon nan travay kote w te peye taks Sekirite Sosyal, pansyon sa a pap afekte benefis Sekirite Sosyal ou yo. Sepandan, si w resevwa yon pansyon pou retrèt oswa envalidite nan travay ki pa t peye taks Sekirite Sosyal — pa egzansp, sèvis sivil federal, kèk travay nan gouvènman leta oswa lokal, oswa travay nan yon peyi etranje — nou ka redui benefis Sekirite Sosyal ou a.

Pou plis enfòmasyon, li *Government Pension Offset* (Piblikasyon No. 05-10007) pou travayè gouvènman an ki ka elijib pou benefis Sekirite Sosyal sou dosye salè yon konjwen. Li *Windfall Elimination Provision* (Piblikasyon No. 05-10045) pou moun ki te travay nan yon lòt peyi, oswa travayè gouvènman an ki elijib tou pou pwòp benefis Sekirite Sosyal yo.

E si m ap travay?

Si w ap travay pandan w ap resevwa benefis sivivan nan Sekirite Sosyal epi ou poko rive nan laj pou pran retrèt konplè, nou ka redui benefis ou yo si salè w depase kèk limit. Laj pou pran retrèt konplè pou sivivan se 66 an pou moun ki te fèt ant 1945 ak 1956. Laj pou pran retrèt konplè a pral ogmante tikras pa tikras pou l rive nan laj 67 an pou moun ki te fèt an 1962 oswa pi ta. Pou ka konnen ki limit nan salè yo ye pou ane sa a epi fason salè ki depase limit sa yo redui benefis Sekirite Sosyal ou yo, li *How Work Affects Your Benefits* (Piblikasyon No. 05-10069-HC).

Pa gen ankenn limit nan salè akòmanse nan mwa ou rive nan laj pou pran retrèt konplè.

Epitou, salè w pral redui benefis pa w yo **sèlman**, pa benefis lòt manm fanmi yo.

E si m remarye?

Nòmalmman, ou paka resevwa benefis pou vèw oswa vèf si w remarye anvan w gen 60 an. Men remaryaj apre 60 an (oswa 50 an si w andikape) pap anpeche w resevwa pèman benefis ki baze sou travay **ansyen** konjwen w. Epi nan laj 62 an oswa plis, ou ka resevwa benefis sou travay nouvo konjwen w lan, si benefis sa yo ta pi wo.

Dwa pou fè apèl

Si w pa dakò ak yon desizyon ou te fè sou reklamasyon w lan, ou ka fè apèl a desizyon sa a. Pou yon eksplikasyon sou kèk etap ou ka pran, li *The Appeals Process* (Piblikasyon No. 05-10041-HC).

Ou ka jere pwòp apèl ou avèk èd gratis nan Sekirite Sosyal, oswa ou ka chwazi pou gen yon reprezantan ki pou ede w. Nou ka ba w enfòmasyon sou kèk òganizasyon ki ka ede w jwenn yon reprezantan. Pou plis enfòmasyon sou fason pou chwazi yon reprezantan, li *Your Right to Representation* (Piblikasyon No. 05-10075-HC).

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **www.socialsecurity.gov**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10084-HC | March 2018
Benefis Sivivan
Survivors Benefits (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a